



## **“MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS (M-DCPS)” (LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY) “2020-2021 TITLE I DISTRICT-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN (PFEP)” (PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI ‘TITLE I’ NAN NIVO DISTRI POU ANE 2020-2021)**

“The 2020-2021 District-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)” (Plan Angajman Paran ak Fanmi ‘Title I’ nan Nivo Distri pou Ane 2020-2021), moun ki konsène (egz. anplwaye, fanmi, manm kominotè, eks.) devlope e dakò ansanm an konfòmite avèk regilasyon sou finansman federal [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116] Title I. Plan an dekri fason Distri a ap chèche kontakte tout paran ak manm fanmi pou enplemante pwogram, aktivite, ak pwosedi ki pwomouvwa angajman paran ak fanmi. Plan an dekri fason Distri a ap chèche kontakte tout paran ak fanmi pou enplemante pwogram, aktivite, ak pwosedi ki pwomwote angajman paran ak fanmi. Anplis, Title I nivo Distri PFEP pral disponib pou paran ak fanmi timoun ki ap patisipe yo.

### **MEZI PATISIPASYON M-DCPS SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Nou distribye bay paran ak fanmi elèv ki anwole nan lekòl Title I “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi Title I ann (Anglè, Espayòl e an Kreyòl), sou Entènèt e alekri, nan fen chak ane lekòl. Anplis, lekòl ki ap enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo te distribye tou Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Lekòl la pou paran elèv ki nan lekòl la. Nou itilize done sondaj yo pou fè yon evalyasyon sou kontni e efikasite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi an e pou fè planifikasyon pou ane k ap suiv la.

Daprè Sondaj Angajman Paran ak Fanmi Title I 2020 M-DCPS la, 43.0% paran ki te patisipe nan sondaj la te endike yon bezwen pou plis enfòmasyon sou “Estanda Eta ak Egzamen yo”; 34.0% te endike yo bezwen plis enfòmasyon sou kòman pou yo travay ak pitit yo lakay; 34.0% te endike yo bezwen plis enfòmasyon sou kòman pou travay ak pwofesè pitit yo; e 27.0% te endike yo bezwen plis enfòmasyon sou Pwogram Title I nan.

### **DEKLARASYON MISION SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Mision Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I Lekòl Leta Miami-Dade County a se pou amelyore angajman paran ak fanmi, aksè ak defans pou devlope kapasite paran ak fanmi, lekòl ak kominote a pou yo vin pi angaje nan sipòte amelyorasyon ki mezirab pou akonplisman elèv.

### **ANGAJMAN PARAN YO**

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral ofri fòmasyon pou tout lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo sou fason pou entegre paran yo nan devlopman PFEP Title I atravè tout LEA a, plan LEA a, fason yo pral depanse fon yo rezève pou paran ak fanmi ak tout aspè Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo. “The Title I District Advisory Council (DAC)” (Konsèy Konsiltatif Title I Distri a) ak twa (3) “Title I Regional Parent Advisory Council (PAC)” (Konsèy Konsiltatif Rejyonal Paran Title I) ki gen ladan paran ak anplwaye ki eli nan diferan lekòl paran elèv ki enskri nan lekòl ki enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, pou sèvi pandan peryòd 2019-2021 an, pral revize e adrese bezwen adisyonèl lekòl ki ap patisipe yo. Komisyen egzekitif DAC ak ofisyen PAC pral fè reyinyon ak aktivite pou plis angajman paran ak fanmi yo. Dimansyon ak lòd demand pou angajman paran yo pral gen ladan ajanda pou reyinyon DAC ak PAC yo. Sijè ajanda yo ka gen ladan: angaje paran ak fanmi nan planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo nan lekòl ki ap patisipe yo; nan itilize yon minimòm (1%) pousan alokasyon pou lekòl Title I pou sipòte [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116], Demand pou Angajman Fanmi ak Paran; ki ap fè Reyinyon Anyèl Paran Title I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòmasyon paran yo sou patisipasyon lekòl la nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; ofri enfòmasyon sou Pwosedi Konsiltasyon ak Pote Plent M-DCPS; devlope, distribye e revize PFEP Title I nan nan nivo Distri ak Lekòl; distribye Lèt Notifikasyon Pwogram Title I nan ann Anglè, Espayòl ak an Kreyòl; e devlope, distribye e revize Akò Lekòl-Paran Title I yo. Chak PAC Title I pral reyini yon minimòm twa (3) fwa pandan ane lekòl la, pou jwenn ide paran yo pou sipòte devlopman kontinyèl PFEP atravè LEA a. Komite Egzekitif DAC a ka avize Depatman Administrasyon Title I Distri a sou fason yo ka depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi yo. Lekòl ki ap enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo pral etabli yon “Excellence School Advisory Council (EESAC)” (Konsèy Konsiltatif sou Ekselans Lekòl). EESAC pral mete ansanm tout moun ki konsène, ki gen ladan paran e l ap angaje yo nan pran desizyon sou fason lekòl la pral depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi.

Nou pral enplemante inisyativ "Parents-Helping-Parents (PHP)" (Paran-Ede-Paran) nan lekòl Title I nou vize atravè Distri a, avèk gwo objektif, pou ogmante entèraksyon enpòtan ant fanmi, lekòl, ak kominote yo pou amelyore rezilta elèv. Kat objektif prensipal PHP se: 1) pwolonje sèvis sansibilizasyon ak sèvis sipò bay fanmi; 2) ede fanmi konprann règ federal, eta ak distri ki fè efè sou eksperyans pitit yo fè lekòl; 3) amelyore abilite fanmi pou sèvi kòm defansè pou pitit yo; e 4) pwomouvwa rapò pozitif ant paran ak lòt moun ki konsène yo. Yo anboche e fòme yon paran nan chak lekòl yo vize kòm yon "Family Support Specialist (FSS)" (Espesyalis Sipò Paran) pou akonpli objektif inisyativ la. FSS nan lekòl yo vize yo kenbe yon kominikasyon kontinyèl avèk anplwaye Distri a ki sipèvizite inisyativ la. Sesyon fòmasyon chak mwa ak reyinyon kolaborasyon pral fèt avèk lòt depatman, ajans kominotè, ak panèl konseye pou idantifye priyorite e aktivman pwomouva angajman fanmi. Nou ofri tout lekòl Title I nan Distri a, kèlkeswa patisipasyon yo nan inisyativ PHP a, sèvis sipò fanmi nan yon efò pou responsabilize paran elèv ki ale nan lekòl ki enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la.

## **ASISTANS TEKNIK POU LEKÒL KI AP PATISIPE NAN PWOGRAM TITLE I ATRAVÈ TOUT LEKÒL YO**

Distri a pral ofri kowòdinasyon, asistans teknik, ak lòt sipò ki nesèsè pou asiste lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite angajman paran ak fanmi ki efikas. Efò sa a pral ede nan devlope kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik pitit yo e ogmante pèfòmans yo lekòl an jeneral, atravè mwayen ak aktivite ki ap suiv yo: Seminè Fòmasyon pou Direktè Lekòl ki Ap Enplemante Pwogram Title I 2020-2021 Atravè tout Lekòl yo; Title I "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye); Sipò Distri a ofri pou Sant Resous Paran nan lekòl yo; Pwojè 'UP-START', " Pwogram Edikasyon pou timoun ak jèn k ap viv an tranzisyon nan Miami-Dade Parent Portal" (Pòtal Paran) M-DCPS; fòmasyon M-DCPS disponib pou asiste chak lekòl nan efikasman jere Excellence School Advisory Council (EESAC)" (Konsèy konsiltatif sou Ekselans Lekòl); Pwojè 'UP-START, Pwogram Edikasyonèl M-DCPS pou Moun Sanzabri; "The Parent Academy (TPA)" (Akademi Paran An); e ofri aktivite Devlopman Pwofesyonèl atravè Sant Fòmasyon Espesyalis Title I. Anplis, "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) nan lekòl la pral sèvi kòm yon koneksyon ant lakay, lekòl ak kominote a pou li ka ofri atelye ak sesyon fòmasyon, apèl telefonik, Vizite kay ak aktivite nan lekòl la, ki ranfòse kapasite paran ak fanmi pou angajman pou sipòte aprantisaj.

Yo ap mande lekòl ki enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo pou elektwonikman soumèt PFEP 2020-2021 Tite I nan PFEP nan nivo Lekòl la. Anplwaye "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Asistans sou Responsablite ak Teknik) Depatman Administrasyon Title I an pral revize soumisyon elektwonik PFEP Title I nan nivo Lekòl la e ofri asistans teknik ak sipò pou asire konfòmite ak tout demand Seksyon 1116 [34 CFR 200.21(c ak d)]. Anplis, nan yon efò pou ede lekòl yo plis nan satisfè demand lwa a, anplwaye nan A-TAT pral fè vizit asistans teknik nan lekòl yo pou asire konfòmite avèk tout demand [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116].

LEA pral ofri lòt sipò rezonab pou aktivite angajman paran ak fanmi anba Seksyon 1116, jan paran ka mande atravè Reyinyon Jeneral DAC Title I, (minimòm de (2) pa ane e nan aswè); reyinyon PAC Title I, (Minimòm de (2) pa ane pou chak Rejyon administratif nan Distri a, nan diferan lè ak lokasyon pou maksimize patisipasyon paran ak fanmi); ak reyinyon/atelye nan lekòl Title I yo pou paran ak fanmi (ki ap kontinye) atravè ane a. Si jè ajanda reyinyon sa yo ka gen ladan: Konsèy efikas pou Angajman Paran ak Fanmi; ESSA - Seksyon 1116 revize ak revizyon PFEP Title I M-DCPS la; ak Pratik Angajman Fanmi ak Paran. Nou pral ofri paran ak fanmi yo enfòmasyon ak materyèl pou ede yo amelyore akonplisman akademik pitit yo. Anplis, nou pral ofri paran ak fanmi yo enfòmasyon ak fòmasyon nan domèn itilizasyon teknoloji, ladrès sou lavi, ak bezwen sèvis kominotè. Distri a pral ofri lekòl yo gid adisyonèl sou angajman paran ak fanmi nan Liv Machasiv 2020-2021 Administrasyon Title I an, ki se yon resous adisyonèl ki disponib pou lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo. Liv machasiv la gen ladan enfòmasyon sou tout eleman Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, ki gen ladan demand espesifik Seksyon 1116 Akò ESSA a, tankou modèl platfòm PFEP ak Akò Lekòl-Paran. Anplis, sit Entènèt Depatman Administrasyon Title I nan ak sit Kolaborasyon ak Konfòmite nan nivo Lekòl Title I yo disponib pou sipòte tout lekòl Title I ki ap patisipe.

**KOWÒDINASYON AK ENTEGRASYON ESTRATEJI ANGAJMAN PARAN AK FANMI  
NAN TITLE I, PATI A AVÈK LÒT PWOGRAM FEDERAL**

1	"Parents-Helping-Parents (PHP)" (Paran-Ede-Paran)	Anba sipèvizyon Ofisyè Lyezon Fanmi an, "Family Support Specialists (FSS)" (Espesyalis Sipò Fanmi) sèvi kòm lyezon ant fanmi, lekòl, ak biwo Distri a ki sipèvize inisyativ sa a pou ede fanmi jwenn aksè a sèvis ak pwogram, tankou: "Head Start," (Kòmanse Edikasyon Bonè) Edikasyon Elèv Espesyal, Moun ki Ap Aprann Lang Anglè, Edikasyon Altènatif, Sèvis Edikasyonèl pou Migran, ak lòt.
2	Pwogram Migran	Anba sipèvizyon Direktè Egzekitif Pwogram Migran an, anplwaye ofri sèvis enstriksyonèl ak sipò siplemantè pou travayè migran ak fanmi yo atravè plizyè eleman, ki gen ladan Pwogram Aprantisaj Timoun Migran Anbazaj ansanm avèk Depatman Administrasyon Title I.
3	"Early Childhood Programs" (Pwogram Edikasyon pou Timoun Anbazaj Bonè)	Anba sipèvizyon Direktè Administratif "Program Early Childhood" (Pwogram Edikasyon pou Timoun Anbazaj Bonè), anplwaye sipòte angajman ak patisipasyon paran jèn timoun avèk yon varyete eksperyans enpòtan pou paran, "Head Start" (Pwogram Edikasyon pou Timoun Anbazaj) "Early Head Start" (Pwogram Edikasyon pou Timoun Anbazaj Bonè) and "Voluntary Pre-Kindergarten" (Klas Matènèl Volontè), an konjonksyon avèk "Department of Title I Administration" (Depatman Administrasyon Title I).
4	"Project UP-START" (Pwojè UP-START)	Anba sipèvizyon Direktè Pwojè UP-START la, Sansibilizasyon Kominotè Pwogram Edikasyon Sanzabri a, Lyezon Sanzabri Lekòl yo distribye enfòmasyon sou atelye ki fèt chak semèn ak orè "Title I Neighborhood Resource Center" (Sant Resous Katye Title I). Anplis, yo envite Direktè a pou pale nan reyinyon "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) reyinyon oryantasyon ak lot reyinyon paran pou yo pataje enfòmasyon sou Pwogram ak resous ki disponib pou fanmi kap viv nan lojman enstab i.e e ki nan sityasyon sanzabri.
5	Edikasyon Altènatif Pwogram Sansibilizasyon	Anba sipèvizyon Direktè Administratif Pwogram Sansibilizasyon, Edikasyon Altènatif la, Direktè ak Asistan Direktè a, anplwaye nan ofri sèvis enstriksyon ak sipò siplemantè bay elèv ki Neglijje e Delenkan ak fanmi yo. Anplis, biwo sa a ede avèk distribisyon enfòmasyon konsènan disponiblite fòmasyon pou paran, evènman/aktivite, atelye ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak edikasyon aprè lekòl segondè.

**EVALYASYON ANYÈL KONTRNI AK EFIKASITE RÈG  
SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Nou ap fè yon Sondaj Anyèl sou Angajman Paran ak Fanmi Title I M-DCPS anvan fen ane lekòl la pou evalye kontni ak efikasite aktivite sansibilizasyon angajman paran ak fanmi yo nan amelyore kalite akademik, Pati A Title I lekòl yo atravè evolusyon ane a, e pou fasilite yon evalyasyon pwogram angajman paran an pou nou ka jwenn enfòmasyon pou planifikasyon ane ki ap vini an. Nou pral fè yon efò kolaboratif pou enfòmasyon paran sou disponiblite ak enpòtan sondaj sa a atravè reyinyon "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè), Title I Distri a ak Rejyon an, Bilten Nouvèl 'Title I DAC Talk' pou Paran Title I, mesaj "Connect-Ed" (pa telefòn), ak feyè. Sondaj sa a ap disponib sou Entènèt ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl pou paran ranpli. Etou, vèsyon ekri sondaj la pral disponib nan lekòl yo ak nan reyinyon Distri a pou fasilite paran yo ranpli sondaj la. CIS/CLS lekòl la oubyen moun ki kontakte paran yo pral kontakte paran yo pou ankouraje paran yo ranpli sondaj la. Distri a pral sèvi ak rezilta sondaj la pou devlope LEA atravè Title I PFEP nan nouvo ane lekòl la e PFEP nan nivo Lekòl Title I pou lekòl ki enpleman Pwogram Title I nan Atravè tout Lekòl la. Tout lekòl Title I pral pwograme reyinyon pou paran yo anvan fen ane lekòl la. Pandan reyinyon sa yo, patisipan yo pral idantifye baryè ki jennen paran yo pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pandan ane lekòl la e idantifye etap lekòl la pral pran pou defèt baryè yo idantifye yo. Anplis, Biwo Evalyasyon Pwogram nan pral fè yon evalyasyon anyèl Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la, ki gen ladan Pwogram Angajman Paran ak Fanmi. Evalyasyon an pral konsantre sou rezilta sèvis nou ofri yo.

DEVLOPE KAPASITE LEKÒL AK PARAN YO

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
1	<p><b>Kontni:</b> Responsabilize paran yo, avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, distri a e kominote a.</p> <p><b>Aktivite:</b> Koneksyon avèk Ajans Kominotè ki ofri sèvis sipò pou paran ak fanmi yo.</p>	CIS/CLS Title I, Anplwaye, Direktè, ak CIS/CLS Depatman Administrasyon Title I	Done nou kolekte atravè soumisyon Rapò Lekòl Chak Mwa, dokiman sèvis sipò nou bay paran atravè yon pwosesis rekòmandasyon bay ajans kominotè, nan yon efò pou adrese bezwen espesifik ki pral kontribye nan sipòte akonplisman akademik elèv.	Chak Mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rekòmandasyon Paran sou Lis Ajans Kominotè yo</li> <li>• Fòm Rekòmandasyon Ajans Kominotè ki Ranpli</li> <li>• Rapò Chak Mwa Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi</li> </ul>
2	<p><b>Kontni:</b> Ofri rekòmandasyon sou bi ak etap ki nesèsè pou amelyore Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; devlope e revize ansanm ak Distri a, LEA Title I PFEP a; e ede nan enfòmasyon paran timoun ki ap patisipe nan Reyinyon Anyèl Paran Title I an, reyinyon Distri a, ak lòt reyinyon paran, jan li apwopriye.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Konsèy Administrasyon DAC Title I nan.</p>	Ofisye Eli DAC, Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman, Administrasyon Title I, Direktè Egzekitif ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Nou pral sèvi ak ide e rekòmandasyon yo fè pou etabli objektif, inisyativ, ak aktivite ki pral sipòte akonplisman akademik elèv.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an <i>(ki ap kontinye)</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Feyè</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Feyè prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> </ul>
3	<p><b>Kontni:</b> Ofri enfòmasyon reyinyon, sesyon fòmasyon, ak sipò teknik sou plas pou ede anplwaye lekòl yo pou efikasman ranpli PFEP nan nivo Lekòl Title I yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon, Sesyon Fòmasyon ak sipò e asistans teknik M-DCPS.</p>	Anplwaye Distri nou Seleksyone	Amelyore angajman paran nan devlopman ak revizyon PFEP nan nivo Lekòl Title I yo.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an <i>(ki ap kontinye)</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bay enfòmasyon chak semèn</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Feyè prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Rapò Konfòmite nan nivo Lekòl Title I</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> </ul>

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
4	<p><b>Kontni:</b> Enfòmasyon sou patisipasyon lekòl yo nan pwogram Pati A Title I an, e eksplike demand "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Siksè) avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Ouvèti Lekòl yo</p>	Depatman Administrasyon Title I ak Administratè nan lekòl yo	Amelyore konpreyansyon anplwaye yo sou demand ESSA avèk aksan sou akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi.	Vè fen oktòb 2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> </ul>
5	<p><b>Kontni:</b> Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap fè pwogrè nan sipòte angajman paran ak fanmi nan edikasyon pitit yo. Enfòmasyon yo ranmase a pral ede nan devlopman LEA ak PFEP nan nivo Lekòl la pou ane ki ap vini a.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I M-DCPS</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif, Anplwaye nou Seleksyone nan Title I, ak Direktè Rechèch ak Evalyasyon, Biwo Evalyasyon Pwogram	Bay enfòmasyon ki amelyore livrezon sèvis sipò ki ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason enpòtan ki amelyore akonplisman akademik.	Me-Jiyè 2021	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik (Bay Enfòmasyon Chak Semèn)</li> <li>• Sondaj sou Konpilasyon rezilta yo</li> </ul>
6	<p><b>Kontni:</b> Bay paran ak elèv ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la sipò nan angaje yo nan atelye ak aktivite chak semèn, pou agrandi konesans ak ladrès yo nan fason ki kontribye a byennèt e siksè akademik yo an jeneral.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Title I</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Enpleman pwogram, atelye, fòmasyon ak aktivite ki fèt pou responsabilize paran avèk ladrès yo bezwen pou efikasman ede pitit yo akademikman e sosyalman.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an. <i>(ki ap kontinye)</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy prezans vizitè, Fòm Pwofil ak Kominikasyon ki ranpli</li> <li>• Ajanda Atelye/aktivite, fèy prezans, feyè, Prezantasyon 'PowerPoint' ak fòm evalyasyon atelye/aktivite ki ranpli.</li> </ul>

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
7	<p><b>Kontni:</b> Bay paran ak fanmi elèv nan lekòl ki ap enplemanje Pwogram Title I yon opòtinite anplis pou patisipe nan edikasyon pitit yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> “DAC Talk” (Prezantasyon DAC), Nouvèl pou Paran Title I</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Piblikasyon an fèt pou prezante nouvèl ajou sou konsèy pou paran, tandans aktyèl nan edikasyon ak atik ki enfòmè paran sou fason pou yo vin pi angaje nan akonplisman akademik pitit yo, konsa devlope kapasite paran pou yo pran angajman yo.	Ap kontinye de (2) fwa pandan ane ane lekòl 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• DAC Talk Nouvèl pou Paran Title I</li> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Fèy prezans pou Reyinyon Jeneral DAC.</li> </ul>
8	<p><b>Kontni:</b> Enfòmè paran yo sou patisipasyon nan lekòl pwogram Pati A, Title I e eksplike demand “Every Student Succeeds Act (ESSA)” (Akò Chak Elèv Fè Siksè) konsènan angajman fanmi ak paran e dwa paran yo pou patisipe nan pwogram sa yo tou ansanm ak pwovizyon paran sou Dwa-pou-Konnen ki anba ESSA.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Anyèl Paran Title I ki fèt nan nivo lekòl la</p>	Depatman Administrasyon Title I ak Administratè nan lekòl yo	Enfòmè paran yo sou Pwogram Title I an ak ESSA, nan yon efò pou devlope kapasite paran pou angajman.	Pa pita pase dènye semèn oktòb 2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Fèy nou Bay</li> <li>• Prezantasyon PowerPoint</li> <li>• Pakè Dokimantasyon pou Reyinyon Anyèl Paran Title I</li> <li>• Rapò Konfòmite nan nivo Lekòl Title I</li> <li>• Done nou soumèt atravè Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi</li> </ul>
9	<p><b>Kontni:</b> Bay opòtinite pou reyinyon/fòmasyon avèk paran pou ogmante patisipasyon yo nan lekòl ak konesans debaz pou sipòte/kolabore avèk lòt paran</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Oryantasyon sou Ouvèti Lekòl, premye Fòmasyon sou Enplemantasyon ak Revizyon PHP Anyèl ak, Reyinyon nan Mitan Ane a, Reyinyon Fen Ane a</p>	Ofisye Lyezon Fanmi, Espesyalis Sipò Fanmi ak Anplwaye Depatman FSS nou chwazi	Done nou kolekte atravè “Exit Surveys” (Sondaj Final) ki fèt yo, evalyasyon sou bezwen kontinyèl, ak revizyon ka PHP nan yon efò pou adrese bezwen espesifik ki pral kontribye a amelyorasyon prezans ak akonplisman akademik elèv yo	Chak Mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Fòm Rekòmandasyon PHP ki Ranpli</li> <li>• Rapò Jesyon Ka atravè Sistèm Enfòmasyon Elèv</li> <li>• Sistèm Kolaborasyon ‘Share Point’</li> </ul>

FÒMASYON ANPLWAYE

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
1	<p><b>Kontni:</b> Ofri asistans teknik, sipò, ak siveyans pou yon pwogram efikas pou angajman paran ak fanmi.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Responsablite ak Asistans Teknik Administrasyon Title I</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Asistans teknik ak sipò nou bay pandan ane lekòl la pral ogmante kapasite anplwaye yo pou sipòte akonplisman akademik elèv yo.	Ap kontinye atravè ane lekòl 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Koninikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda sesyon fòmasyon</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> <li>• Sistèm Rapò sou Demand Aplikasyon pou Konfòmite nan nivo Lekòl Title I</li> </ul>
2	<p><b>Kontni:</b> Pataj enfòmasyon avèk anplwaye yo asiyen pou bay lekòl Title I sipò konsènan demand Seksyon 1116 ESSA, ansanm ak meyè pratik e estrateji pou ogmante angajman paran ak fanmi.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sansibilize Paran ak Fanmi Reyinyon Anplwaye Inite Konfòmite</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Amelyore konpreyansyon anplwaye distri a konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, ak sipò akonplisman akademik elèv yo.	Ap kontinye atravè ane lekòl 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> </ul>
3	<p><b>Kontni:</b> Bay enfòmasyon atravè reyinyon, fòmasyon/atelye pou ede lekòl yo nan enplemanite efikasman Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon M-DCPS, Sesyon Fòmasyon ak Atelye</p>	Anplwaye Distri nou Seleksyone	Amelyore konpreyansyon anplwaye lekòl yo konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, pou sipòte akonplisman akademik elèv yo.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> </ul>
4	<p><b>Kontni:</b> Enfòmasyon anplwaye yo sou patisipasyon lekòl yo a nan pwogram Pati A, Title I e eksplike demand ESSA yo avèk aksan sou akonplisman elèv atravè angajman paran ak fanmi.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sesyon Fòmasyon Title I pou Fasilite Konfòmite ki nan Lekòl yo.</p>	Depatman Administrasyon Title I ak Administratè nan lekòl yo	Amelyore konpreyansyon anplwaye yo konsènan demand ESSA avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi.	Vè fen Oktòb 2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> </ul>

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun (yo) ki Responsab	Enpak Nou Prewa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
5	<p><b>Kontni:</b> Ofri yon varyete opòtinite devlopman anplwaye solid, kalite siperyè, pou fasilite CIS/CLS yo pou: efikasman sipòte e angaje paran ak fanmi; bay enfòmasyon esansyèl pou paran sou disponiblite resous distri, lekòl, ak kominotè e konpile tout dokiman yo mande pou konfòmite konsènan angajman paran ak fanmi Title I.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sant Fòmasyon Title I pou CIS/CLS</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Amelyore ladrès CIS/CLS yo kòm anbasadè lekòl, nan yon efò pou sipòte akonplisman elèv atravè angajman efikas paran ak fanmi.	Ap kontinye atravè ane lekòl 2019-2020 la	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> <li>• Rapò sou Konfòmite ki ranpli</li> </ul>
6	<p><b>Kontni:</b> Pwomouvwa konfòmite ak manda lokal, eta, e federal konsènan enplemantasyon Pwogram Title I an.</p> <p><b>Aktivite:</b> Fòmasyon pou Direktè Lekòl nan Enplemantasyon Pwogram atravè Lekòl 2020-2021 Title I an.</p>	Direktè Administratif, Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Amelyore konpreyansyon direktè a konsènan demand "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Siksè), pou sipòte akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi.	An Septanm ak oktòb 2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> <li>• Akseptasyon fòm yo</li> </ul>
7	<p><b>Kontni:</b> Ofri sipò ak fòmasyon sou konpreyansyon ak enplemantasyon inisyativ PHP a</p> <p><b>Aktivite:</b> Asistans teknik, sipò ak siveyans kontinyèl</p>	Ofisye Lyezon Fanmi ak Anplwaye Sèvis Sipò	Asistans teknik, sipò ak siveyans yo ap bay pandan ane lekòl la pral ogmante abilite anplwaye yo pou sipòte akonplisman akademik elèv yo.	Ap kontinye atravè ane lekòl 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Premye vizit nan lekòl</li> <li>• Lis Vizit Suivi nan Lekòl</li> </ul>

### KOMINIKASYON AK AKSESIBLITE

Yo pral ofri lekòl yo PFEP Title I M-DCPS atravè tout LEA yo, ann Anglè, Espayòl e Kreyòl, pou ofri opòtinite total pou patisipasyon tout paran. Reyinyon Anyèl Paran Title I nan lekòl la e/oubyen rapò ak ajanda reyinyon paran yo ap reflekte diskisyon ki fèt nan PFEP Title I M-DCPS atravè tout LEA yo, PFEP Title I nan nivo Lekòl yo, ak Akò Lekòl-Paran Title I. Distri a ap fè divès tantativ posib pou enfòme paran yo sou enpòtans patisipasyon yo, atravè mwayen kominikasyon sa yo: "Connect-Ed" ak mesaj tèks sou telefòn kay paran elèv ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la; voye lèt lakay, Bilten Enfòmasyon Title I pou Paran; feyè nan antre lekòl Title I yo; feyè yo bay elèv pote nan sak lekòl yo pou lakay; piblisite nan jounal; televizyon; e/oubyen anons nan radyo.

Yo ap fè efò rezonab pou ede paran yo nan lang pa yo e paran ki gen bezwen espesyal, yon fason pou ba yo enfòmasyon konsènan bezwen ak dwa "English Language Learners (ELL)" (Elèv ki ap Aprann Anglè) ak timoun edikasyon espesyal yo. Yo mete paran yo okouran de disponiblite sèvis tradiksyon similtane ann Espayòl e an Kreyòl, nan tout reyinyon Title I DAC ak PAC yo. Selon bezwen yo, paran yo ka enskri e resevwa sèvis tradiksyon similtane. Yo voye anons reyinyon Title I DAC ak PAC yo elektwonikman bay CIS/CLS la nan lekòl yo pou yo ka distribye bay tout paran. Anons anvan reyinyon sa yo gen ladan notifikasyon konsènan bezwen espesyal yo remèt bay Depatman Administrasyon Title I, donk pou yo ka ede ogmante patisipasyon paran ki gen andikap



yo. Yo bay paran yo yon papye pou yo ranpli nan chak reyinyon kote yo ka mete sijesyon yo. Anplwaye apwopriye yo revize sijesyon ak kòmante yo e enplemante yo, jan sa apwopriye.

Yo ap bay paran yo plis opòtinite atravè "Migrant Early Childhood Learning Program (MECLP)" (Pwogram Aprantisaj pou Timoun Migran Anbazaj Bonè), "Migrant Achievement Resources (MAR)" (Resous Akonplisman pou Migran), "Migrant Academic Planning and Achievement (MAPA)" (Planifikasyon ak Akonplisman Akademik pou Migran), ak Sèvis Sipò patisipasyon paran nan atelye, yo ap entegre konferans paran-pwofesè ak lòt aktivite ant lekòl ak kominote a e mete ladan paran kom patnè nan pwosesis edikasyonèl pou pitit yo. Pwogram alfabetizasyon famiyal yo fè pati tou ak Sant Resous pou Fanmi yo e lekòl lokal ki nan Pwogram Edikasyon Migran yo.

Yo ap voye kominikasyon a nan diferan nivo nan Distri e nan lekòl ki ap suiv la ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl: Lèt Notifikasyon pou Paran Title I, Akò Lekòl-Paran Title I, Enfòmasyon sou Dwa Paran an pou Li Konnen, enfòmasyon sou Reyinyon Anyèl Paran Title I, bilten nouvel nan lekòl la, feyè ak notifikasyon sou fòmasyon paran, pefòmans elèv Title I yo nan Lekti/Ekriti Anglè, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal, ansanm ak "School Public Accountability Report (SPAR)" (Rapò Piblik sou Responsablite Lekòl).

### AKTIVITE DISKRESYONÈ POU DEVLOPE KAPASITE PARAN POU YO PATISIPE NAN LEKÒL

Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewva sou Akonplisman Elèv	Frekans
1	Fòme paran pou ogmante patisipasyon lòt paran [Seksyon 1116(e)]	Fòmasyon/Atelye Akademi Paran an ede paran vin patnè total nan edikasyon pitit yo.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Title I, ak Anplwaye Title I yo Seleksyone	Ogmantasyon angajman paran ak fanmi, ki pral ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv	Atravè ane lekòl 2020-2021 an
2	Aranje reyinyon nan lekòl yo nan diferan lè, oubyen apèl konferans avèk paran ki pa ka asiste reyinyon yo pwograme nan lekòl yo [Seksyon 1116(e)]	Nou ankouraje lekòl ki ap enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo pou yo pwograme reyinyon e/oubyen atelye yo nan diferan lè ak jou atravè ane lekòl la, pou maksimòm paran ka patisipe.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Title I, ak Anplwaye Title I yo Seleksyone	Ogmantasyon angajman paran ak fanmi nan pèmèt patisipasyon maksimòm paran ki pa ka asiste reyinyon regikye ki pwograme yo, ki pral ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv	Atravè ane lekòl 2020-2021 an
3	Adopte e enplemante apwòch modèl pou amelyore angajman paran ak fanmi [Seksyon 1116(e)]	Manm "Department of Title I Accountability & Technical Assistance Team (A-TAT)" (Depatman Ekip Responsablite ak Asistans Teknik) la pwograme kontwòl sou plas, asistans teknik ak vizit pou sipò. Anplis, Sant Fòmasyon pou CIS/CLS yo ofri devlopman pwofesyonèl, yon fason pou amelyore ladrès yo kòm anbasadè lekòl yo.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Title I, ak Anplwaye Title I yo Seleksyone	Ogmante kantite anplwaye nan nan lekòl yo pou responsabilize paran yo avèk enfòmasyon, resous e sèvis, pandan n ap amelyore akonplisman akademik elèv yo.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an
4	Etabli yon Konsèy Konsiltatif pou Paran atravè tout LEA a pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan Pati A pwogram Title I nan [Seksyon 1116(e)]	Komite Egzekitif Title I DAC la ofri konseye Depatman Administrasyon Title I sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Title I, ak Anplwaye Title I yo Seleksyone	Fasilite difizyon enfòmasyon resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl ak Distri a, yon fason pou pwomouvwa yon anviwònman famiyal ki pwomote aprantisaj.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an

Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
5	Etabli yon Konsèy konsiltatif pou Paran atravè tout LEA a pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan Pati A pwogram Title I nan [Seksyon 1116(e)]	Komite Egzekitif Title I DAC konseye Depatman Administrasyon Title I ak Sipèentandan Lekòl yo sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Title I, ak Anplwaye Title I yo Seleksyone	Fasilite difizyon enfòmasyon resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl ak Distri a, yon fason pou pwomouvwa yon anviwònman famiyal ki pwomote aprantisaj.	Atravè ane lekòl 2020-2021 an
6	Fasilite vebiner ak fomasyon fas-a-fas sou sijè ki fet yo ankouraje ak maksimize angajman paran an kolaborasyon ak Depatman FSS ak Akademi Paran an.	Evalyasyon enplemantasyon aktivite sa a ap fèt chak ane atravè Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I ak Evalyasyon Title I, Biwo Evalyasyon Pwogram Distri a fè.	Ofisye Lyezon Fanmi, Anplwaye Depatman FSS, ak Anplwaye Akademi Paran An	Amelyore abilite paran pou ede e defann pitit yo yon fason ki efikas e pwomote enpòtans pou gen yon relasyon pozitif ant paran e anplwaye lekòl la yon fason pou bay meyè rezilta pou elèv	Atravè ane lekòl 2020-2021 an

#### REZIME SOU DEVLOPMAN KAPASITE 2019-2020

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv
1	<b>Kontni:</b> Manm Komite Egzekitif DAC yo te bay rekòmandasyon sou bi ak etap yo bezwen ranpli pou amelyore Pwogram Title I; devlope e revize, an kolaborasyon avèk "Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Fanmi) LEA Title I nan; e ede nan enfòmasyon paran konsènan Reyinyon Anyèl pou Paran Title I yo, ak lot reyinyon pou paran, jan sa apwopriye. <b>Aktivite:</b> Reyinyon Konsèy Egzekitif DAC	4	58	Ofri fòmasyon, enfòmasyon, ak sèvis sipò ki te ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik
2	<b>Kontni:</b> Patisipan yo devlope e revize PFEP Distri a, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; resevwa enfòmasyon konsènan kondisyon Pwogram Title I an, ak dwa pou yo patisipe; e yo te responsabilize yo avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, distri a ansanm ak kominote a. <b>Aktivite:</b> Reyinyon Jeneral DAC Title I	2	629	Ofri fòmasyon, enfòmasyon, ak sèvis sipò ki te ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik
3	<b>Kontni:</b> Devlope e revize PFEP Distri a, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; resevwa enfòmasyon konsènan demand Pwogram Title I yo, ak dwa paran an pou patisipe; e bay enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, distri a ak kominote a. <b>Aktivite:</b> Reyinyon PAC Title I	11	620	Ofri fòmasyon, enfòmasyon, ak sèvis sipò ki te ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik.

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv
4	<p><b>Kontni:</b> Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap sipòte angajman paran ak fanmi nan Edikasyon pitit yo. Yo itilize enfòmasyon yo resevwa yo nan devlopman PFEP Title I nan nivo nivo Lekòl pou ane 2020-2021 an.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sondaj Title I M-DCPS sou Angajman Paran ak Fanmi ak pou 2019-2020 ak Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo lekòl pou 2019-2021.</p>	3028	19,270	Resevwa kòmantè ak sijesyon paran sou fason pou amelyore akonplisman akademik elèv
5	<p><b>Kontni:</b> Ofri sipò bay paran elèv ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la nan elaji konesans ak ladrès yo nan fason ki kontribye nan byennèt timoun nan ansanm e globalman nan siksè akademik li.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Title I Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye Title I)</p>	98	2,574	Enpleman pwogram ak aktivite ki te sipòte amelyorasyon akonplisman akademik elèv.
6	<p><b>Kontni:</b> Ofri aktivite, atelye, resous materyèl ak sipò chak mwa pou amelyore abilite paran/gadyen ak moun k ap pran swen timoun pou yo pi byen sipòte aprantisaj pitit yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sant Resous Paran nan Nan Lekòl</p>	307	34,243	Enpleman pwogram ak aktivite ki te sipòte ogmantasyon akonplisman akademik elèv.
7	<p><b>Kontni:</b> Amelyore relasyon elèv-pwofesè; ogmante angajman paran ak fanmi e ede nan devlopman kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik elèv.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Challenging Higher Education for Students in our Schools (CHESS)" (Ankouraje Edikasyon Siperyè pou Elèv nan Lekòl Nou yo)</p>	4	4,978	Enpleman pwogram ak aktivite ki te sipòte ogmantasyon akonplisman akademik elèv.
8	<p><b>Kontni:</b> Ofri paran ak manm fanmi elèv nan lekòl ki ap enpleman pwogram Title I opotinite pou patisipe nan edikasyon pitit yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> "DAC Talk, News for Title I Parents" (Prezantasyon DAC, Nouvèl pou Paran Title I)</p>	2	3,000	Kreye pou montre dènye enfòmasyon pou paran, tandans aktyèl nan edikasyon ak atik ki sipòte ogmantasyon akonplisman akademik elèv yo.

**Kontni:**Paran ki enfome paran yo nan patisipasyon lekòl pitit yo nan Tit I, Pwogram Yon Pati epi eksplike egzijans 3,499 paran yo te ale nan youn oswa plis aktivite pandan ane lekòl 2019-2020 la reprezante lekòl 103 I prive nan tout Distri a ki ap patisipe nan Pwogram Lekòl Piblik Ki pa Peye-Piblik yo. Anplis de sa, ke aktivite sa yo te fe yon enpak pozitif sou sikse elev, ankouraje literacy familyal ak yon lanmou pou aprann. Anplis, yon pousantaj kwasans akademik 2.0 nan zon debaz yo te reyalize pa konklizyon an nan ane lekòl la 2019-2020. Patne nan Edikasyon: Auerbach, S. (2011). Lidechip lekòl la pou Fanmi natif natal ak patenarya Kominote: pespektiv rechek pou transfome Pratik. New York: Routledge & Depatman Edikasyon Etazini. (2013). Manyel Manyel sou Fanmi ak Angajman Kominote. Rekipere depi <http://www.schoolcommunitynetwork.org/downloads/FACEHandbook.pdf> se kek nan rechek yo ki sipote aktivite yo rekonesan. Aplikasyon aktivite sa yo ap evalye chak ane atrave Tit I Paran/Angajman Angajman Fanmi ak Evalyasyon Tit I an, ki fet pa Biwo Evalyasyon Pwogram Distri a.

**BARYÈ KI JENNEN PATISIPASYON PARAN NAN AKTIVITE ANGAJMAN PARAN AK FANMI POU 2019-2020**

Kantite	Baryè	Etap Lekòl la Ap Pran pou Li Fè Siksè
1	Lè/Dat Reyinyon/Atelye yo	Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral ofri yon kantite reyinyon ki fleksib, tankou reyinyon nan maten, aswè, ak nan diferan jou nan semèn nan pou redui konfli avèk orè travay paran yo, pou ankouraje patisipasyon nan tout evènman sa yo.
2	Devlope Angajman Paran ak Fanmi ki Enpòtan	Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral ofri opòtinite ekritab pou patisipasyon paran avèk bezwen espesyal, nan fè akomodasyon ki nesès pou bezwen espesyal yo.
3	Devlope Kapasite pou Angajman	Distri a pral ofri kowòdinasyon, asistans teknik ak lòt sipò ki nesès pou asiste e pou devlope anplwaye nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite angajman paran ak fanmi efikas. Nou pral kontakte ganizasyon avèk yon rekò efikasite ki enpekab nan angaje ak enplike paran ak fanmi pou ede devlope kapasite anplwaye pou angajman paran ak fanmi ki konpreyansif.

**MEYÈ PRATIK POU 2019-2020**

Kantite	Kontni/Objektif	Deskripsyon Aktivite
1	<p><b>Kontni:</b> Bay transpò pou paran ak fanmi ale nan atelye/fòmasyon ak reyinyon pou paran ak fanmi nan reyinyon Title I NRC ak Title I DAC</p> <p><b>Objektif:</b> Atelye/fòmasyon/reinyon pou devlope kapasite paran</p>	Pou simonte baryè nou te idantifye anvan yo, Depatman Administrasyon Title I te itilize fon pou angajman paran ak fanmi pou ofri paran ak fanmi transpòtasyon ki soti nan diferan lekòl Title I ki ale nan atelye/fòmasyon ki te fèt nan "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Title I. Nou te ofri paran ak fanmi tou transpò otobis pou ale nan Reyinyon Jeneral "District Advisory Council (DAC)" (Konsil Konsèy Distri) Title I nan diferan lekòl atravè Distri a. Nou te simonte lòt baryè nan ofri paran ak fanmi opòtinite pou patisipe nan atelye/fòmasyon atravè apèl konferans.
Kantite	Kontni/Objektif	Deskripsyon Aktivite
2	<p><b>Kontni:</b> Ofri fòmasyon pou paran ak fanmi ki baze sou sètifika nan Title I NRC a</p> <p><b>Objektif:</b> Atelye/fòmasyon/reinyon pou devlope kapasite paran</p>	Ofri atelye/fòmasyon edikasyonèl ki baze sou sètifika pou paran ak fanmi nan "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Title I ak nan sant resous paran nan lekòl Title I atravè Distri a kote paran te resevwa sètifika pou finalize avèk siksè tout demand jan pwogram nan espesifye. Patisipasyon paran/fanmi nan atelye/fòmasyon espesyalize sa yo te ede amelyore abilite yo pou sipòte byennèt fanmi yo an jeneral. Fòmasyon ki baze sou sètifika yo te gen ladan Nitrisyon pou Fanmi. Aktivite pratik, amatè, te amelyore kapasite paran ak fanmi pou redui estrès nan yon fason ki pozitif. Paran fòmasyon teknoloji ki ogmante kapasite yo pou kontwòle sekirite pitit yo sou aparèy mobil ak sit medya sosyal.

3	<p><b>Kontni:</b> Fòmasyon sou Retablisman Byennèt pou Espesyalis Patipasyon Kominotè/Espesyalis Lyezon Kominotè yo</p> <p><b>Objektif:</b> Devlopman Pwofesyonèl</p>	<p>Anplwaye Depatman Administrasyon Title I ak Title I NRC ofri fòmasyon teknoloji ki baze sou Outlook ak Microsoft Word pou Title I CIS/CLS. Fòmasyon ranfòse konesans yo nan pwogram lojisyèl ki disponib nan Distri a pou sipòte abilitè yo nan kominikasyon avèk paran e fanmi yo.</p>
---	---	--